



Memorial Healthcare System

Politik Asistans Finansye

Revised May2025

I. Politik Asistans Finansye

Nenpòt Pasyan ka mande asistans finansye. Nenpòt lòt moun ki responsab pou peye swen pasyan an ka mande asistans finansye tou. Tout swen ijans ak swen ki medikalman nesèsè kouvri anba politik asistans finansye a. South Broward Hospital District ki fè biznis kòm Memorial Healthcare System (MHS) bay depistaj ak tretman pou kondisyon medikal ijans dapre Pratik Estanda ki rele “Transfè / Aksè a Swen Ijans”, ki tache ak politik sa a. Nan ka kote Pratik Estanda sa a pa aplikab, demann pou pran randevou pou sèvis MHS yo an avans ap revize sou baz chak ka endividyèlman. Pasyan kap chèche swen ijans ap resevwa tretman san yo pa konsidere si yo elijib pou Asistans Finansye dapre politik sa a.

Politik sa a aplike pou tout etablisman MHS yo.

Memorial Regional Hospital
3501 Johnson Street
Hollywood, FL 33021
954-987-2000

Memorial Regional Hospital South
3600 Washington Street
Hollywood, FL 33021
954-966-4500

Joe DiMaggio Children’s Hospital
1005 Joe DiMaggio Drive
Hollywood, FL 33021
954-265-5324

Memorial Hospital West
703 North Flamingo Road
Pembroke Pines, FL 33028
954-436-5000

Memorial Hospital Miramar
1901 SW 172 Avenue
Miramar, FL 33029
954-538-5000

Memorial Hospital Pembroke
7800 Sheridan Steet
Pembroke Pines, FL 33024
954-962-9650

Memorial Pembroke 24/7 Care
801 South Douglas Road
Pembroke Pines, FL 33025
954-276-6501

Politik Asistans Finansye sa a ap ede w konprann kilè asistans finansye ap bay.

sistans Finansye ka vle di swen charite (jan Leta Florid oswa règleman Distri a defini li) oswa sèten rabè pou moun ki pa gen asirans, jan sa eksplike pi ba a.

Pou swen charite, pasyan an oswa moun ki responsab pou li dwe pa kapab peye pou swen medikal pasyan an. Kapasite pou peye a detèmine selon Gid sou Povrete Federal (FPG), revni pasyan an oswa moun ki garanti a, ak kantite manm fanmi an. Gouvènman federal mete ajou gid sa yo chak ane. Kapasite pou peye a evalye tou lè yo egzamine byen pasyan an genyen e, si sa nesèsè, dèt ak posib rezilta pwosè pou reklamasyon kont twazyèm pati.

Lè yo mande sa, MHS ap detèmine si pasyan an oswa moun ki responsab pou li gen kapasite pou peye. Egzamen sa a, oswa depistaj sa a, pou asistans finansye fèt san okenn frè. Kantite asistans finansye yo mande a dwe plis pase \$500 pou tout kont ansanm.

Pasyan yo ka chwazi pa bay dokiman finansye, men pito resevwa asistans finansye an fòm pousantaj rabè pou peye tèt yo. Rabè sa yo disponib pou vizit nan Depatman Ijans, osi byen ke pifò pwosedi pou pasyan ekstèn ak rete lopital.

Asistans finansye p ap bay okenn pasyan san asirans ki pa rezidan nan South Broward Hospital District pou swen medikal ki pa ijans, men ki nesèsè medikalman, si swen sa ka fèt nan yon lopital kominotè nan zòn kote pasyan an rete. Si pa gen okenn lopital sekirite pou pasyan sa a, yo ap evalye asistans finansye sou baz chak ka endividyèlman.

Rès dokiman Politik Asistans Finansye sa a bay plis enfòmasyon sou fason ou ka mande asistans finansye. Li di ou ki lè ou ka elijib pou resevwa asistans finansye. Li di ou tou konbyen asistans finansye ou ka resevwa si ou satisfè tout kondisyon Politik sa a.

II. KRITÈ ELIGIBILITE AK MONTO RABÈ YO

A. MHS ap ranmase enfòmasyon sou revni pasyan an oswa lòt moun ki responsab la ak gwosè fanmi an, epi si sa nesèsè, sou byen, depans ak dèt yo. Rezilta sa yo ap detèmine elijibilite pou asistans finansye, kantite rabè yo ap resevwa, ak kantite yo oblije peye.

B. MHS ap bay konsèy sou Asistans Finansye san okenn frè siplemantè, si moun nan mande sa, anvan oswa apre li resevwa sèvis yo.

C. Moun ki entène ka sibi yon depistaj pou wè si yo kalifye pou Medicaid. Si kritè depistaj yo montre gen posibilite pou kalifikasyon, pasyan an/oswa moun ki responsab la ka oblije soumèt yon aplikasyon Medicaid anvan yo ka apwouve Asistans Finansye a.

D. Yon pasyan oswa moun ki responsab ka mande asistans finansye pou nenpòt dèt ki depase \$500. Sa gen ladann tout kantite lajan pasyan ki pa gen asirans dwe peye, ansanm ak balans pasyan ki gen asirans yo apre peye asirans lan. Sa enkli dediktib, ko-asirans, tikè modération (copayments), ak chaj ki pa kouvri. MHS ap itilize kritè sa yo pou konsidere demann lan:

i. Pasyan an oswa moun ki responsab la ka kalifye pou **100% rabè** si kondisyon sa yo satisfè:

1. Pasyan an oswa moun ki responsab la dwe ranpli epi siyen yon **Fòm Evalyasyon Finansye**.
2. Pasyan an oswa moun ki responsab la gen yon **revni total fanmi** ki egal oswa pi piti pase **200% FPG** (Dapre FPG 2025, yon fanmi 4 moun ki fè \$64,300 pa ane reprezante 200% FPG), jan sa endike nan Tablo A; epi
3. Pasyan an oswa moun ki responsab la gen **byen likid** nan fanmi an ki pi piti pase **\$10,000**. Byen likid yo gen ladan: lajan kach, balans kont chèk, kont ekonomi, machin, bato, byen pèsònèl ki ka vann, aksyon, obligasyon, oswa lòt enstriman ki ka vann, ak byen imobilye (eksepte rezidans prensipal). Byen likid **pa** gen ladan kay prensipal, premye machin, oswa fon retrèt ki pa disponib san penalite; oswa
4. Pasyan an oswa moun ki responsab la gen yon balans ki depase **25%** revni fanmi yo chak ane, men **se sèlman si** revni chak ane a **pi piti pase 4 fwa FPG** pou yon fanmi 4 moun.

5. Pasyan an pa idantifye apre 6 mwa. Pandan 6 mwa sa yo, MHS ap itilize tout mwayen posib pou idantifye pasyan an, tankou kolabore ak ajans lokal, leta ak federal ki fè respektè lalwa.

ii. Pasyan an oswa moun ki responsab la ka kalifye pou yon rabè sou baz echèl glisan si kondisyon sa yo aplike:

1. Pasyan an oswa moun ki responsab la gen **revni total fanmi** ki ant **201% ak 400%** nan FPG (Dapre FPG 2025, yon fanmi 4 moun ki fè \$128,600 pa ane reprezante 400% FPG);
2. Kantite rabè a depann de revni pasyan an oswa moun ki responsab la ak etablisman kote yo resevwa swen an. (Gade Tablo A pou referans); oswa
3. **Ankenn pasyan** ki kalifye pou asistans finansye pa va oblije peye plis pase **10% revni total fanmi yo pa ane.**

iii. Pasyan yo ka resevwa asistans finansye sou baz **presimasyon** san yo pa soumèt yon aplikasyon siyen. Depistaj sa a fèt ak modèl patikilye FinThrive ki baze sou done kominotè. MHS ap konsidere tou kont pasyan an ki fèt **12 mwa anvan oswa 12 mwa apre dènye peman asirans lan.**

1. Pasyan an oswa moun ki responsab la ki gen **revni total fanmi** egal oswa pi piti pase **200% FPG** ap kalifye pou rabè **100%**.
2. Pasyan oswa moun ki responsab ki gen revni ant **201% ak 400% FPG** ap kalifye pou rabè sou echèl glisan.
3. **Ankenn pasyan** ki kalifye pou asistans finansye pa va responsab pou plis pase **10% nan revni total fanmi yo pa ane.**

iv. Lòt asistans finansye ka bay anba yon pwosesis apwobasyon **abreje**, jan sa dekri anba a:

1. Jou Medicaid fini oswa benefis Medicaid pou pasyan ekstèn fini
2. Tretman fòse dapre **Lwa Baker**
3. Pasyan an mouri, **pa gen siksasyon** ki depoze nan tribinal konte kote li te rete a **apre 6 mwa** depi dat lanmò. Lè MHS konfime kritè sa a, tout balans ki rete yo ap jwenn yon rabè **100%**.

4. Pasyan ki gen yon apwobasyon valab pou asistans finansye ki soti nan **North Broward Hospital District** pa bezwen soumèt yon lòt demann pou asistans finansye nan **South Broward Hospital District** pou sèvis ijans yo.

E. Enfòmasyon finansye pou rezidan South Broward Hospital District ki kalifye pou asistans finansye ap valab pandan **yon ane**, sòf si MHS gen rezon pou mete li an dout. Lè MHS apwouve asistans finansye pou yon pasyan oswa moun ki responsab la, MHS ap konsidere tou kont ki te fèt **nan 12 mwa ki sot pase yo**. Nan kad politik Asistans Finansye a, **yon Rezidan** se: yon moun ki fè kay li oswa li rete nan limit jewografik South Broward Hospital District, kote li rete pèmanan oswa pandan yon peryòd tan ki long, **pa kòm vizitè, touris oswa pou rezon tanporè, e li pa fè sa pou fè sanble li rezidan**.

F. Pasyan oswa moun ki responsab yo kapab aplike pou asistans finansye **jiska yon ane apre dat sèvis la oswa 12 mwa apre dènye peman asirans lan**.

G. Rezidan South Broward Hospital District ki **vin manm Memorial Primary Care** ap gen **ko-peman** pou:

- i. Sèvis famasi pou pasyan ekstèn
- ii. Vizit nan klinik swen prensipal yo
- iii. Sèvis lopital pou pasyan ekstèn
- iv. Vizit nan Depatman Ijans

H. Pasyan oswa moun ki responsab ki **kalifye pou asistans finansye men ki pa abite nan South Broward Hospital District** ap jwenn apwobasyon **selon chak dat sèvis separeman**.

I. Si pasyan an oswa moun ki responsab la mande li, **MHS ap voye yon deklarasyon alekri ki konfime yo kalifye pou asistans finansye**.

J. Politik Asistans Finansye sa a aplike sèlman pou **sèvis ke MHS bay nan etablisman li yo**, ak pou **sèvis doktè ki anplwaye pa MHS**. Ou ka jwenn yon lis pèsonèl medikal ki respekte politik sa a isit la:

<https://www.mhs.net/-/media/mhs/files/patients-and-visitors/financial-assistance/en/providers.pdf?la=en>

epi li disponib pou telechaje san okenn frè. Kopi papye yo disponib sou demann pa lapòs, pa imèl voye bay MyBill@mhs.net, epi tou nan zòn admisyon ak enskripsyon ijans yo, san okenn frè.

III. BAZ POU KALKILE MONTO YO FAKTIRE BAY PASYAN

Lè MHS detèmine ke yon pasyan oswa moun ki responsab kalifye pou resevwa asistans finansye selon Politik sa a, li **pap chaje plis pase Montan Jeneralman Faktiye (AGB)**.

Nan MHS, AGB a detèmine selon “**Metòd Retwovizyon**” (**Look-back method**), ki kalkile jan sa a:

MHS revize tout reklamasyon yo te peye pandan yon peryòd 12 mwa. Sa gen ladann reklamasyon pou **Medicare**, plan komèsyal, ak plan swen jere. Kalkil sa a enkli ko-asirans pasyan an, tikè modération (copayments), ak dediktib yo. **Plan Medicaid ranplasman** pa enkli nan kalkil sa yo.

Yo kalkile pousantaj AGB a lè yo divize kantite total peman yo pa kantite total chaj yo te faktiye. Pousantaj sa a aplike sou total chaj pou chak vizit pasyan an pou detèmine AGB pou vizit sa a. **MHS kalkile AGB pou chak etablisman epi chwazi pousantaj ki pi ba a pou chak sit MHS**. Pasyan yo ka mande alekri pou resevwa AGB aktyèl pou chak etablisman epi/oswa kijan rabè pou moun ki pa gen asirans konpare ak rabè plan asirans yo.

Annèks A gen AGB pou chak etablisman, epi li disponib sou sit sa a: www.mhs.net/financialaid, kote ou ka jwenn li, telechaje li, enprime li, epi li li san ou pa bezwen peye frè, kreye kont, oswa sèvi ak ekipman/oswa lojisyèl espesyal.

Ou ka rele Depatman Elijiblite a nan **(954) 276-5760** pou mande yon kopi papye pou yo voye ba ou pa lapòs **san frè**. Yo gen kopi papye ki disponib tou nan tout lokal piblik MHS yo, tankou **sal dijans** ak zòn **admisyon** yo.

IV. PWOSÈS DEMANN ASISTANS FINANSYE

Pasyan an oswa moun ki responsab la kapab mande yon randevou ak Sèvis Finansye Pasyan yo lè yo rele **(954) 276-5501**, oswa ak Depatman Elijiblite a lè yo rele **(954) 276-5760**. Pasyan an kapab mande tou an pèsòn nan nenpòt lokal ki mansyone nan **Seksyon I**, swa nan depatman **Admisyon / Enskripsyon**, swa nan **Depatman Elijiblite** ki chita nan **Memorial Support Services, 2900 Corporate Way, Miramar, FL 33025**.

Demann sa yo dwe fèt ant lè **8:00 am – 4:30 pm, lendi rive vandredi**. MHS ap bay

enfòmasyon oswa asistans nan pwosesis elijiblite a chak fwa yon pasyan oswa moun ki responsab di yo pa kapab peye balans yo oswa mande yon aplikasyon pou asistans finansye. Deklarasyon sa a dwe fèt bay Depatman Elijiblite MHS, oswa Sèvis Finansye Pasyan MHS, oswa Depatman Kont yo Dwe (Accounts Receivable).

A. Pou kalifye pou **100% rabè charite**, pasyan an oswa moun ki responsab yo **oblige ranpli yon Fòm Evalyasyon Finansye**, ki jwenn nan **Tablo C**. Pasyan yo ap oblije bay dokiman jan sa dekri nan **Tablo D** lè yo ap aplike pou **sèvis swen prensipal** oswa **eksansyon responsablite pasyan Medicare**. Aktivite koleksyon ekstraòdinè ap mete sou **pòz pou jiska 120 jou** apati dat demann lan pou asistans, pandan pasyan an oswa moun ki responsab la ap nan pwosesis aplikasyon pou Asistans Finansye. Peryòd sa a bay ase tan pou resevwa tout dokiman ki nesèsè pou detèmine elijiblite. Pèsonèl Depatman Elijiblite a ap notifiye pasyan an **alevwa oswa alekri** si gen dokiman ki manke oswa ki pa konplè.

B. MHS ka ranfòse oswa konfime enfòmasyon pasyan an oswa moun ki responsab la bay, lè li itilize nenpòt nan zouti sa yo:

- i. **LexisNexis** – bay aksè ak dosye piblik
- ii. **FinThrive** – bay enfòmasyon sou kredi
- iii. **Experian** – bay enfòmasyon sou kredi
- iv. **MapQuest** – bay enfòmasyon sou adrès
- v. Plizyè **sitwèb piblik** ki bay enfòmasyon sou dosye piblik, jan sa montre nan Tablo E

C. Tout aplikasyon ap resevwa konsiderasyon egal epi desizyon an ap baze sou Gid sou Povrete Federal (FPG) ak kapasite pasyan an pou peye.

V. REKOU SOU DETERMINASYON ELIGIBILITE

Nenpòt pasyan oswa moun ki responsab ka fè yon demann **rekou** si MHS refize asistans finansye oswa si li panse gen yon **erè ki fèt nan nivo asistans finansye** yo bay la.

Demann lan dwe fèt **alevwa oswa alekri** oswa lè yo rele **Depatman Elijiblite a nan (954) 276-5760**. Kantite total kont yo dwe depase

\$5,000.00. Pwosesis apèl la dekri nan yon lòt politik ki tache ak politik sa a.

VI. AKSYON KI KA PRAN LÈ YON MOUN PA PEYE

A. Etap sa yo pral swiv pou kolekte balans pasyan an si pa gen okenn demann pou asistans finansye, oswa si asistans lan te refize, oswa si politik ki anlè yo pa aplike:

- i. Yon premye fakti ap voye bay pasyan an oswa moun ki responsab la apre li fin soti lopital.
- ii. Yon deklarasyon ap voye 30 jou apre premye fakti a, epi lòt deklarasyon ap kontinye voye chak 30 jou pandan 90 jou ki vin apre. Si yo resevwa yon peman pasyèl, seri deklarasyon an ap rekòmanse e kontinye pou jiska 120 jou.
- iii. Apèl telefòn ka fèt pandan peryòd sa a.
- iv. 120 jou apre dat sòti lopital, si pesonn pa mande asistans finansye, pa gen plan peman, pa gen peman pasyèl, oswa pa gen apèl pou asistans finansye, kont lan ka voye bay yon ajans koleksyon dèt prensipal.
- v. Apre 1 ane, kont lan ka voye bay yon dezyèm ajans koleksyon dèt.

B. Nan ka yon **Ijans Sante Piblik (Public Health Emergency - PHE)**, MHS ka deside pou **pa voye okenn deklarasyon pasyan ni fè okenn aksyon koleksyon** jiskaske enpak ijans lan redui nan South Broward County. Desizyon sa a **pral pran pa Vis Prezidan Sik Revni (Revenue Cycle)** ansanm ak **Chèf Ofisye Finansye MHS** la.

C. Pandan **120 premye jou** yo apati dat premye fakti ki voye apre pasyan an soti lopital, **MHS p ap kòmanse okenn aksyon koleksyon** jan sa dekri nan seksyon sa a. Anplis, **MHS p ap angaje nan okenn aksyon koleksyon san li pa fè efò rezonab pou detèmine si pasyan an elijib dapre Politik Asistans Finansye a.** MHS ap notifye pasyan an oswa moun ki responsab la **alevwa 30 jou anvan** li kòmanse nenpòt aksyon koleksyon jan sa dekri nan seksyon sa a.

i. depoze nenpòt pwosè legal

ii. depoze yon demann jidisyè pou jijman

iii. Rete oswa refize bay swen apre doktè pasyan an detèmine ke pa gen kondisyon medikal ijans, si pasyan an oswa moun ki responsab la gen balans ki voye bay ajans koleksyon move dèt, jiskaske yo mete yon plan peman adekwa pou regle balans sa yo.

Avi alekri a ap enfòmè pasyan an oswa moun ki responsab la ke **asistans finansye disponib pou moun ki elijib**, li ap site aksyon koleksyon MHS gen entansyon pran pou jwenn peman, epi li ap endike **yon dat limit** kote aksyon koleksyon sa yo ka kòmanse, ki pa dwe mwens pase **30 jou apre dat avi sa a bay**.

Avi a ap genyen **Rezime Politik Asistans Finansye a nan yon lang senp**. MHS ap fè tou **efò rezonab pou enfòmè pasyan an oswa moun ki responsab la alevwa** sou egzistans Politik Asistans Finansye a epi sou fason pou yo ka jwenn asistans pou ranpli aplikasyon an.

Depatman Kont yo Dwe (Accounts Receivable) gen **dènye otorite** pou deside si MHS fè tout efò ki nesèse pou detèmine si yon moun elijib pou asistans finansye dapre Politik la, epi li ka angaje nan aksyon koleksyon jan sa dekri pi wo a.

VII. EFÒ POU FÈ POLITIK ASISTANS FINANSYE A KONNEN LARGMAN

A. MHS ap mete **Politik Asistans Finansye a, Fòm Evalyasyon Finansye a, AGB a, ak rezime senp politik la** disponib sou sit entènèt li: www.mhs.net/financialaid.

Politik Asistans Finansye a, Fòm Aplikasyon pou Pwogram Asistans Finansye a, AGB a, ak Rezime Senp la ap disponib **gratis** nan lang sa yo: **Angle, Panyòl, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Vyetnamyen ak Ris**.

Dokiman sa yo ka mande **gratis** an pèsòn nan **nenpòt zòn admisyon oswa enskripsyon ijans MHS**, oswa lè yo rele **Sèvis Finansye Pasyan yo nan (954) 276-5501** pou yo voye kopi yo pa lapòs **san frè**.

B. Avi piblik yo ap afiche **klèman e avèk vizibilite** nan kote piblik la ka fasilman wè yo, tankou **tout zòn enskripsyon ak sal ijans**. Avi sa yo ap esplike ke **MHS ofri yon Pwogram Asistans Finansye** pou moun ki **pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans**. Avi sa yo ap tradui **nan menm lang** ak lòt materyèl ki gen rapò ak Pwogram Asistans Finansye a (FAP)

Avi sou politik sa a, ki gen ladan enfòmasyon pou kontakte nou, ap distribye pa MHS atravè divès mwayen, tankou:

- **avi ki tache ak deklarasyon pasyan an,**
- **avi ki tache ak fòm admisyon pasyan an** nan zòn admisyon, enskripsyon, ak sal ijans,
- **epi atravè lòt kote piblik, jan MHS deside.**

MHS ap **notifye epi enfòme manm kominote li sèvi a** sou Pwogram Asistans Finansye a (FAP), **nan yon fason ki rezonabman kalkile pou rive jwenn moun ki pi gen chans pou bezwen asistans finansye nan men MHS.**

Kesyon sou politik sa a kapab poze pandan lè biznis yo, lè w rele **(954) 276-5501**.

Annèks A

Memorial Regional Hospital

Balans ki dwe pa pasyan an	
Revni	Montan Rabè
Jiska 200% FPG	Rabè 100%
201% - 250% nan FPG	Rabè 90%
251% - 300% nan FPG	Rabè 85%
301% - 350% nan FPG	Rabè 82%
351% - 400% nan FPG	Rabè 82%

Memorial Regional Hospital South

Balans ki dwe pa pasyan an	
Revni	Montan Rabè
Jiska 200% FPG	Rabè 100%
201% - 250% nan FPG	Rabè 90%
251% - 300% nan FPG	Rabè 85%
301% - 350% nan FPG	Rabè 82%
351% - 400% nan FPG	Rabè 82%

Joe DiMaggio Children's Hospital

Balans ki dwe pa pasyan an	
Revni	Montan Rabè
Jiska 200% FPG	Rabè 100%
201% - 250% nan FPG	Rabè 90%
251% - 300% nan FPG	Rabè 85%
301% - 350% nan FPG	Rabè 82%
351% - 400% nan FPG	Rabè 82%

Memorial Hospital West

Balans ki dwe pa pasyan an	
Revni	Montan Rabè
Jiska 200% FPG	Rabè 100%
201% - 250% nan FPG	Rabè 90%
251% - 300% nan FPG	Rabè 85%
301% - 350% nan FPG	Rabè 85%
351% - 400% nan FPG	Rabè 85%

Memorial Hospital Miramar

Balans ki dwe pa pasyan an	
Revni	Montan Rabè
Jiska 200% FPG	Rabè 100%
201% - 250% nan FPG	Rabè 90%
251% - 300% nan FPG	Rabè 85%
301% - 350% nan FPG	Rabè 80%
351% - 400% nan FPG	Rabè 79%

Memorial Hospital Pembroke

Balans ki dwe pa pasyan an	
Revni	Montan Rabè
Jiska 200% FPG	Rabè 100%
201% - 250% nan FPG	Rabè 90%
251% - 300% nan FPG	Rabè 85%
301% - 350% nan FPG	Rabè 82%
351% - 400% nan FPG	Rabè 82%

Memorial Employed Physician Group/Urgent Care/Specialty Pharmacy

Balans ki dwe pa pasyan an	
Revni	Montan Rabè
Jiska 200% FPG	Rabè 100%
201% - 250% nan FPG	Rabè 90%
251% - 300% nan FPG	Rabè 85%
301% - 350% nan FPG	Rabè 80%
351% - 400% nan FPG	Rabè 75%

